**Mutemo weHail & Cotton weKugadzirisa Nyaya (Hail & Cotton Global Issue Resolution Policy)**

PaHail & Cotton, Inc., pamwechete nemakambani ari pasi pedu, (H&C), chinangwa chekambani yedu ndechekuva mutengesi "ane hunhu, anovimbika uye akanaka, wemhando dzese dzefodya nezvigadzirwa nemamwewo mabasa atinoita ose kune vanogadzira zvigadzirwa zvinobva kufodya pasirose." Takazvipira kushanda takavimbika nekutendeseka.

Tinovavarira kuumba tsika yekambani yekushanda zvakajeka, izvo zvinodzivirira kuitika kwezvakaipa uye kukurumidza kugadzirisa izvi kana zvichinge zvaitika. Chironga chedu cheKugadzirisa Nyaya chinokurudzira tsika yekuvimbika uye kuita zvakanaka, kuburikidza nezvinotevera:

- Kuratidza kuzvipira kwevatungamiri pakuita zvinhu nemutoo uri pachena nekutendeseka, zvichiratidza muenzaniso wakanaka mukambani yose pamwechete nevatinoshandidzana navo.
- Kuona kuti hunhu husina kunaka hwazivikwanwa uye hwagadziriswa, zvichisimbisa kuzvipira kwekambani ino kutevedzera tsika dzayo nemaitiro ayo ekutendeseka.
- Kupa vashandi simba rekumhan'ara nyaya nenzira yakachengeteka, zvichiita kuti pabasa pave nzvimbo yakanaka uye inopa rutsigiro kuvashandi.
- Kufambirana nezvinangwa zvikuru zvekambani zvinosimudzira nekusimbisa kuenderera mberi kwekambani, kusimbisa zvisungo zvemaitiro akanaka anochengetedza kodzero dzevanhu, kuchengetedza zvakatipoteredza, nekushanda zvakanaka kwevashandi.
- Kushanda seyambiro yekutanga, kubatsira kuona uye kuderedza njodzi dzine chekuita netsika dzakashata dzisati dzaenderera.
  - Kubatsira kambani kuti izadzise zvinodiwa nemutemo uye zvinotarisirwa mumakambani, zvinove zvinobatsira mukubudirira kwekambani kwenguva refu.
  - Kupa vekunze vatinoshandidzana navo mukana wekumhan'ara nyaya dzine chekuita nebasa kana kukanganisa.

Mutemo weKugadzirisa Nyaya unotsigira chinangwa ichi nekuita zvinotevera:

- Kukurudzira tsika yekushanda zviri pachena uye zvakajeka, apo maitiro anofungidzirwa kuti haasiriwo anokurumidza kumhan'arwa, nevimbiso yekuferefeta zvakadzama, kusafumurwa, nekugadziriswa.
- Kupa gwara rakajeka pamusoro pekuti nyaya dzinomhan'arwa nekugadziriswa sei.
- Kuchengetedza mutemo usingatenderi zvachose kutsiva/kudzorera kana uchinge watadzirwa, kuitira kuona kuti vashandi nevatakabatana navo vanokwanisa kumhan'ara nyaya pasina kutya kuzoitirwa zvakaipa.

**ZVINOTAURWA NEMUTEMO UNO**

**Ndedzipi nyaya dzinomhan'arwa pasi pemutemo uno?**
Pasi pemutemo uno, kukanganiswa kwakaitwa paH&C, kana kwakaitwa neH&C, kana kwakaitirwa H&C kunofanira kumhan'arwa, kungave kwakaitwa, kuri kuitwa kana kungangoitwa. Mienzaniso yezvakashata inosanganisira zvinotevera, uye hazvigumiri pane izvi:

- Kutyora Mutemo wedu weMashandiro, Kuvimbika neHunhu
- Kutyora mutemo wekambani yeH&C
- Kutyora mutemo nemirairo inoshanda
- Huori hwemhando dzose, kusanganisira chiokomuhomwe nekushandisa mari zvisiri pamutemo.
- Chitsotsi, kuba, kushandisa zviwanikwa zvekambani nemutoo usiri iwo.
- Kubatsira pakunzvenga kubhadhara mitero, nekusafambisa zvakanaka mabhuku emari dzekambani.
- Kusawirirana kwezvido.
- Kushandisa masimba zvisina kunaka.
- Kuvanza zvakaipa uye kuedza kuvanza zvakaipa izvozvo.

Tinokurudzira vashandi kuti vakurukure zvavanenge vasinganzwisisi kana dzimwe nyaya dzine chekuita nekutyora mutemo pakambani. Zvisinei, kana kumhan'ara nyaya mukambani muno kusiri nyore kana kuti munhu asingadi kumhan'ara mukati mekambani ino, tinokurudzira kushandiswa kwenzira yedu yakavanzika. Nyaya dziri kunze kwedzakataurwa mumutemo uno dzinenge dzamhan'arwa dzinozonyatsoongororwa uye mumhan'ari anozoendeswa kuhofisi yakakodzera kuitira kuona kuti nyaya dzose dzagadziriswa nemazvo.

**Ndiani angamhan'are nyaya pasi pemutemo uno?**
Munhu wese anowana ruzivo pamusoro pekukanganiswa kwakaitwa mukambani, kwakaitwa nekambani kana kwakaitwa kukambani yeH&C anokurudzirwa kuti auye kuzomhan'ara. Mienzaniso yemapoka anomhan'ara zvakaipa zvinoitwa anosanganisira anotevera, uye haagumiri pane aya:

- Vashandi, vakare nevaripo parizvino.
- Varimi nevashandi vose vemapoka atinoshandidzana nawo mukutenga nekutengesa, kusanganisira vanhu vanenge vakatadzirwa pamwechete nenharaunda dzavo.
- Vatengesi, vatinobatana navo mubhizimusi, nemapoka anoshanda pasi pehutungamiri hwemakondirakita, vanozopihwawo basa nemamwe makondirakita (sub-contractors), vatengi, kana vamiririri.

**Ndiani anochengetedzwa nemutemo uno uye anochengetedzwa kubva kune zvipi?**
Munhu wese angade kumhan'ara nyaya uye aine chokwadi chizere chekuti ane ruzivo rwechokwadi pamusoro pekukanganiswa kwakaitwa, kuri kuitika kana kuri kuda kuitika, uye akamhan'ara zvinhu izvozvo anochengetedzwa pasi pemutemo uno uye

anopihwa rutsigiro rwakakodzera. “Chokwadi chizere” zvinoreva kuti munhu ane ruzivo, dzidzo, uye achigona zvakaenzana newe (waunoshanda naye) angabvumirana nazvo. Kumhan’ara zvenhema maune kunoita kuti usachengetedzwa nemutemo uno. Vanhu vanomhan’ara nyaya vanochengetedzwa zvisinei nezvinozobuda pakuferefetwa uye zvisinei nekuti vasarudza kumhan’ara mhosva kunze kwekambani kana kushambadza kune veruzhinji.

Kuchengetedzwa kwevanhu vanomhan’ara nyaya kunosanganisira kuchengetedzwa kubva kune zvinotevera, uye hakugumire pane zviitiko zvinotevera:

- Kumiswa kana kudzingwa basa
- Kudzikisirwa pabasa kana kushaiswa mukana wekusimudzirwa pabasa
- Kuitirwa zvinoita kuti usiye basa wega (kusiya basa nekuti panenge pachiitwa zvinhu zvekuti pabasa pasashandike)
- Kurambidzwa kana kunyimwa zvakakodzera kunge zvichipihwa mushandi
- Kusapihwa mikana yekudzidza kana kubudirira
- Kugadzwa dare kana kupihwa mumwe murango, kusanganisira kubatirwa mari semurango
- Kutyisidzirwa, kushungurudzwa, kunyadziswa, kurambidzwa
- Kuongororwa kana kuferefetwa kwebasa zvisina chikonzero
- Kurambidzwa kushandisa kana kutorerwa zviwanikwa zvekambani zvisina kufanira.
- Kunyenyeredzwa, kusafarirwa, kusaremekedzwa, kusiiwa panoitwa zvinhu nekusataurwa newe.
- Kunyorwa zita pane vanhu vakaipa (kuita kuti munhu asazowane basa mune ramangwana)

**MABASA**

**Boka reVakuru vekambani neBoka reVatungamiri**

Boka reVakuru vekambani yeHail & Cotton neBoka reVatungamiri vebasa ndivo vanoona nezvemutemo uno nekudzikwa kwawo kuburikidza nekuona mashandiro akanaka echirongwa chino, kuona kuti hapana kufumurwa kana kushambadzwa nekuzvimiririra, kuongorora mashandiro, kupa zvikwanisiro zvinokwana, kuongorora uye kuve nechokwadi chekudzivirira zviitiko zvekutsivana panenge paita kutadzirana, nekuona kuti matanho ekumhan’ara nekugadzirisa nyaya atorwa.

Boka reVatungamiri richasarudza mushandi ane hunyanzvi hwakakodzera uye akazvimirira anozoshanda seMushandi wekambani anoona nezvekugadziriswa kwenyaya (Issue Resolution Officer) uyo anozoshanda akazvimirira uye anogona kuzosarudza kuzivisa chero nhengo iri muBoka reVatungamiri kuitira kudzivirira makakatanwa ezvido. Boka revatungamiri rinozopa mari pamwe nevashandi kuitira kuona kuti Mushandi wekambani anoona nezvekugadziriswa kwenyaya anokwanisa kuita basa rake akazvimirira.

Boka reVakuru veHail & Cotton neBoka reVatungamiri vakazvipira kuchengetedza nzira dzinoshanda, dzinogoneka uye dzakavimbika dzekurerutsa kumhan'arwa kwenyaya mukati mevose vatinoshandidzana navo mubasa redu. Vanozvipira zvakare kukurumidza kuzivisa vatinoshandidzana navo vakakodzera kana pachinge paine shanduko dzakafanira dzinenge dzaitwa kumutemo uno kana zvisungo zvawo.

**Mamaneja Makuru**

Mamaneja Makuru munyika imwe neimwe vane basa rekuparura, kukurudzira, nekupa zvikwanisiro zvakaringana pakutsigira kuparurwa zvakakwana kwemutemo uno munzvimbo

Ivo zvakare vane basa rekuona kuti mutemo uno waverengwa nekunzwisiswa nevashandi pamwechete nekutora matanho akakodzera pakuona kuti vanhu vose vari pasi pemutemo uno pavose vatinoshandidzana navo mubasa redu vanoziva kuvepo kwemutemo uno pakuparurwa kwawo uye neshanduko imwe neimwe inoitwa pauri.

**Masupavhaiza/maforomani**

Masupavhaiza padanho ripi zvaro rekambani ino vane basa rekuona kuti zvose zvakamhan'arwa zvavanoziva zvaendeswa kwakakodzera, nemumhan'ari, naivo kana nevamwewo.

**Mushandi wekambani anoona nezvekugadziriswa kwenyaya**

Mushandi wekambani anoona nezvekugadziriswa kwenyaya ndiye anotungamira kuparurwa kwechirongwa chekugadziriswa kwenyaya  nekuongororwa kwemutemo uno.

Mushandi wekambani anoona nezvekugadziriswa kwenyaya anoshanda akazvimirira uye ane basa re:

- Kutambira nekuferefeta nyaya dzinenge dzamhan'arwa
- Kugadzira makomiti ekuferefeta nyaya
- Kutaurirana nevanenge vamhan'ara nyaya
- Kupedzisa zvirongwa kwekugadzirisa nyaya pamwechete nekomiti
- Kugadzirisa nyaya dzekutsiva dzinenge dzamhan'arwa
- Kupindura  mibvunzo ine chekuita nemutemo nenyaya dzinenge dzamhan'arwa
- Kuongorora mashandiro emutemo pamwechete nenzira dzekumhan'arwa kwenyaya.
- Kuzivisa kuvatungamiri vekambani pamusoro pekushanda kwemutemo nechirongwa.
- Kuongorora maitiro nekupa mazano ezvingaitwe.
- Kuchengetedza  zvakavanzika zvevanhu vose vari munyaya.

Mushandi wekambani anoona nezvekugadziriswa kwenyaya ndiye anotambira nyaya dzose  dzinomhan'arwa.

**MAITIRO**

**Nzira dzekumhan'ara nyaya**
Munhu upi zvake anogona kumhan'ara nyaya kana maitiro akashata neimwe yenzira dzinotevera:

- Iye pachake, kuburikidza nekutaura kuMushandi wekambani anoona nezvekugadziriswa kwenyaya
- Iye pachake, kuburikidza nekutaura nasupavhaiza kana vatungamiri vepakambani, vemunzvimbo kana vakashanya
- Iye pachake, kuburikidza nekutaura nenhengo yeBazi rinoona nezvevashandi
- Kuburikidza nekunyora tsamba voisa mubhokisi retsamba remunharaunda
- Kuburikidza neSpeeki Mobile App
- Kuburukidza newebhisaiti inotevera: https://app.speeki.com/

Tinokurudzira vanhu vanoda kumhan'ara nyaya kuti:

- Vazive matanho anotorwa pakumhan'ara nyaya
- Vazive kuti nyaya inofambiswa sei mukambani
- Vazive uye vakumbire kudzidziswa kuti vagare vachiziviswa mafambiro ari kuita nyaya yavo
- Kukumbira rubatsiro kubva kumushandi wekambani waunovimba naye pamusoro pekumhan'ara nyaya

Nyaya dzinogona kumhan'arwa mururimi rupi zvarwo runozivikanwa pamutemo munyika dzinoshanda H&C.
Mashoko pamusoro pemunhu anozochengetedzwa maringe neMutemo wekukuchengetedza ruzivo (General Data Protection Regulation (GDPR)) kana mimwe mitemo yenyika inoshanda.

**Ongororo nekutevera**
Nyaya dzose dzakagamuchirwa dzinozoongororwa nekugadziriswa nemutoo wakadzama, nenguva, uye zvisina rusarura kusvikira dzagadziriswa. Panyaya dzose dzakatambirwa, kambani ichachengeta zvinyorwa zvose kusanganisira nematanho akatorwa. Nyaya hadzigone kungodzimwa zvisina tsarukano.

**Danho rekugadzirisa**
Kana kuferefeta kukasimbisa kuti pane kukanganiswa kwakaitwa, kuri kuitwa, kana kungaitwe, Mushandi wekambani anoona nezvekugadziriswa kwenyaya anozoona danho rakakodzera ringatorwe pakugadzirisa nyaya iyi.

Matanho aya anogona kusanganisira anotevera, uye haagumiri pane aya:
- Kudzivirira kana kugadzirisa pakatadzwa
- Kuona kuti hazvizodzokororwi
- Kudaidza mupari/vapari vemhosva

- Kugadzirisa kukanganisa kungadai kwakaitwa
- Kumhan'ara kumahofisi ane masimba acho; uye
- Kuongorora mitemo uye nzira dzehutungamiri kuitira kuona kuti nyaya dzose dzinoitika mukambani dzagadziriswa

Mhando ipi zvayo yekutsiva kana kutyora mutemo uno zvinogona kumhan'arwa chero nguva pasina kudziviswa. Mushandi wekambani anoona nezvekugadzisirwa kwenyaya anozokurumidza kuongorora nekunyatsoferefeta nyaya idzi nekutora matanho akakodzera kudzivirira nekutsigira munhu anenge amhan'ara nyaya. Kana pakaonekwa kuti pakaitwa zvinhu zvinokanganisa kana kukuvadza munhu, matanho akakodzera achatorwa kumisa zvinhu izvozvo, kudaidza mupari wemhosva, kuchengetedza munhu anenge amhan'ara nyaya, nekugadzirisa kukanganiswa kwose kungadai kwakaitwa.

**Kufambisa mashoko**
Mutemo uno uchazoziviswa kuvashandi, varimi, vatengesi, nevamwe vakakodzera vatinoshandidzana navo nenzira dzakasiyana siyana. Shanduko dzinoitwa kumutemo uno dzinozoziviswazve.

Mutemo uno uchaiswa pawebhusaiti yedu mumitauro inogamuchirwa nemutemo wenyika nenharaunda dzatinoshandira sezvo tinovavarira kuti ugone kunzwisiswa nevose vatinoshandidzana navo mubasa redu uye munharaunda dzatinoshandira.

Mutemo uno uchawanikwa mumitauro inotevera:
- Chirungu (English)
- Spanish
- Bahasa Indonesian
- Brazilian Portuguese
- Dutch
- Chichewa
- Shona
- Nyanja
- Mandarin

Gwaro remutemo uno rakanyorwa mumutauro weChirungu ndiro rinozotorwa seriri pamutemo uye ndiro rinozoshandiswa segwaro rinofanira kutevedzwa.

**Kudzidziswa**
Dzidziso yakakodzera ichapihwa kune vose vari muhurongwa huno, nevose vane simba pamusoro pemutemo uno, kuitira kuti vanzwisise maitiro ekumhan'arwa nekutambirwa kwenyaya nezvivimbiso zvekuchengetedzwa uye kusatsiviwa.
Zvirongwa zvekudzidziswa zvichaitwa kamwechete pagore kana kakawanda sezvingakumbirwe kana kuti pazvinoonekwa zvakakodzera.

**Kumhan’ara kune vari kunze kwekambani**
Mutemo uno haurambidzi kumhan’arwa kwenyaya dzose dzinofungidzirwa kumahofisi akakodzera sezvinotarisirwa kana sezvakakodzera.
H&C inokurudzira nyaya dzose dzekuparwa kwemhosva kuti dzimhan’arwe kukambani kutanga, panzvimbo yekuzivisa vatapi venhau.

**Hutungamiri**
Mutemo uno wakatenderwa neKomiti yeVatungamiri, ikatsinhirwa neBoka reVakuru vekambani, uye rakasainwa vanotevera vakavamiririra:

Andy Spies - President International Operations
Chris Cooksey - President North America Operations
Eric van der Linden - President Dark Air Cured Operations
Zuva: 12/20/2024

Nhamatidzwa 1 - MAZWI AKAKOSHA

| | |
|---|---|
| Hail &Cotton Inc. neMakambani ari pasi payo ('H&C') | Hail & Cotton Inc. neMakambni ose ari pasi payo (avari varidzi vawo ose kana kuve chidimbu chevaridzi vawo) pasi rose. |
| Vashandi vekambani | Munhu anoshanda ari pasi pechibvumirano chebasa neHail & Cotton, kunyangwe ari pemanendi kana kuti achishanda kwenguva yakatarwa, kana kuti kwechinguvana, zvakanyorwa pasi kana zvisina. |
| Vashandi | Munhu anoshanda ari pasi pechibvumirano, chisiri chebasa. Izvi zvinosanganisira vamiriri vemakambani, vabatsiri, makondirakita akazvimirira, vanomirira makambani, vanotumwa nemakambani, vanozvipira kushanda pasina muripo, vari kudzidzira basa nevashandi vevarimi. |
| Varimi | Munhu anorima fodya sechirimwa chinounza mari kuHail & Cotton, kunyangwe ari pakondirakiti kana kuti ari murimi akazvimirira. |
| Vatengesi | Munhu wese kana kambani inotengesa zvinhu, zvigadzirwa, kana mabasa kuHail & Cotton pasina kupotera kune mumwe. |
| Vatinoshanda navo pabhizimusi | Kambani inoshanda neHail & Cotton nechinangwa chekuzadzisa donzvo rayo rebhizimusi. Izvi zvinosanganisira mibatanidzwa, veinishuwarenzi, vamiriri vemakambani, nevatengesi |
| Munhu ari kumhan'ara nyaya | Munhu upi zvake anomhan'ara kana kupa ruzivo pamusoro pekuparwa kwemhosva kwakaitwa achiita zvebasa rake, nechokwadi chekuti zvakamhan'arwa ndezvechokwadi panguva yakamhan'arwa nyaya. |
| Kuita zvisingatenderwi | Chiitiko chinotyora mutemo kana kusaita chinhu zvinozotyora mutemo, utsinye kana kukuvadza |
| Nzira dziri pamutemo dzekumhan'ara nyaya | Nzira dzemukambani dzekumhan'ara nyaya dzinobvumirwa nemutemo uno dzinoshandiswa kumhan'ara nyaya kana zvinhu zvisingatenderwi. |
| Mabatiro anokashata/anoisa vamwe panjodzi | Kuita kwose kuri pachena kana kwakahwanda, kana kusaita chinhu zvichikonzerwa nekumhan'ara nyaya, zvinokonzera kana kugona kukonzera kukuvara kana kukanganisika. |
| Mahofisi akakodzera | Mahofisi enyika ane simba rekuongorora kana kugadzirisa mhosva dzinenge dzamhan'arwa. |